

Isuzuma ry'umwaka wa 2024 ryerekeye Amagara y'abantu muri iyi Reta ni incamake y'ivyo tuzi ku bijanye n'amagara n'ukubaho neza vy'abantu i Vermont. Iki gisomwa kigufi kigaragaza ibikenewe mu bijanye n'ubuzima hamwe n'ibintu bibangamiye abenegihugu b'akarere ka Vermont bagendana ubumuga. Harimwo amakuru avuye mu yashobora kubonwa na bese hamwe no mu mahuriro y'ibiganiro n'ibiyago vyatanzwe n'abafatanyabikorwa bo mu karere hamwe n'abantu babifisemwo ubumenyi.

## Ivyagaragaye nyamukuru

- Ibice 25 kw'ijana vy'abanya Vermont barafise ubumuga runaka.
- Abangana n'ica kabiri c' abagendana ubumuga muri Vermont bafise ubumuga bwinshi.
- Abantu bagendana ubumuga:
  - Ntamahirwe bafise yo gukoresha ubuvuzi bubafasha kwikingira.
  - Birabagora kurushiriza kuronka ubuzi no kuja kw'ishure.
  - Bahura n'ibibazo vyinshi mu gushika mu miryango yabo.
- Mu myaka mike iheze abantu baho bagendana ubumuga bariyongereye mu kubura uburaro.
- Abanyeshure bo mu mashure yisumbuye b'abirabure bafise amahirwe manini yo kugira ubumuga canke indwara zidakira ugereranije n'abanyeshure b'abazungu, atari abakoresha ururimi rw'iki Esupanyore.
- Abanyeshure bo mu mashure yisumbuye bo mu muryango w'aba LGBTQ+ bafise amahirwe manini yo kugira ubumuga canke indwara zidakira ugereranije n'abandi basanzwe canke uwufise igitsina yavukanye.
- Abatanga ubuvuzi kenshi ntibashobora gutanga ibiro vyoroshe gushikamwo hamwe n'amaseruvisi.

---

**Abaganga ntibavuga mu rurimi rwumvikana neza. Ntuhura uburyo bwo kwiyandikisha kugira uronke umubonano n'umuntu ukeneye...wibaza ko umuntu afise IQ ya 70 ashobora kubikora neza? Si cane. Haracariho ibura ry'ikiranga abantu bagendana ubumuga. Urakuze Uzananye na Mama wawe ... hama muganga akavugana na Mama wawe.**

---

- Ubuvuzi bw'ubumuga bugira uruhara rw'ibice 36 kw'ijana vy'ubuvuzi muri Vermont.
- Muri 2021, Urwego rw'abamenyeshamakuru rwaronse ama dolari 24,088 ku bagendana ubumuga ugereranije n'ama dolari 41,073 ku batagendana ubumuga.

# Ivyo abagendana ubumuga bakenera bijanye n'amagara

**Abantu benshi ntibashobora kuriha ubuvuzi canke bafise amadeni menshi cane, gutyo bakirinda kuja kwa muganga kubera badashobora kuronka uko bariha. Ndafise Medicare na Medicaid, kandi ndinjiza amafaranga y' ibimuga. Sinshobora kuronka ibimbeshaho.**

- Umwanya munini wo kurindira hamwe n'umwanya munini w' urugendo kugira uhure n' umuganga yabinonosoye bituma abantu benshi bagendana ubumuga b'i Vermont bataronka ubuvuzi nyabwo k' umwanya.
- Ibice 33 kw' ijana vy' abantu bagendana ubumuga bo muri Vermont bamenyeshya ko bafise amagara yo mu mutwe adashemeye incuro zibiri kurusha abanya Vermont batagendana ubumuga.

**Urukurikirane rw' amagara yo mu mutwe mu muryango wacu rumeze nkaho ari kurundi ruhanda rwo mu rugo. Urafise ubumuga bwo mu bwenge. Sinshaka kwumva ibijanye n' akabonge kawe...Haraboneka ibibazo bikomeye mu kuronka ubuvuzi bwo mu mutwe ku bantu bafise ubumuga butera bwiyongera kandi bari mu gahinda n' ubwigunge kuko batariko bararonka ubufasha.**

- Bagendana ubumuga bo muri Vermont bashobora guhura n' ikibazo c' ihohoterwa ry' umubiri arikorewe n' umukunzi wiwe (ibice 24 kw'ijana ku bice 15 kw' ijana) no gufatwa ku nguvu (ibice 23 kw' ijana ku bice 16 kw' ijana)
- Ukubura uburaro buzimbutse bitera ingaruka mbi kuri benshi mu banya Vermont ni ikibazo gikomeye ku bantu bagendana ubumuga kubera intambanyi y' amafaranga binjiza hamwe n'ivyo bakeneye kuronka vyiharije.
- Abantu bagendana ubumuga bashobora kunwa itabi incuro zibiri kurusha ababa muri Amerika bose.

Uko amagara ameze	Amagara mabi canke atameze neza cane.	Uguteba kwivuzi kubera ibiciro.	Indwara zo mw' ihwaniro ry' amagufa	Kugira ibiro birenze urugero	Indwara y' agahinda
Amerika Yose	Ibice 16 kw' ijana	Ibice 10 kw' ijana	Ibice 25 kw' ijana	Ibice 34 kw' ijana	Ibice 19 kw' ijana
Abantu bose b'i Vermont	Ibice 12 kw' ijana	ibice 6 kw'ijana	Ibice 29 kw' ijana	Ibice 30 kw' ijana	Ibice 24 kw' ijana
VT: Abagendana ubumuga	Ibice 34 kw' ijana	Ibice 12 kw' ijana	Ibice 48 kw' ijana	Ibice 41 kw' ijana	Ibice 43 kw' ijana

Dufatanije na:



## Ivyo turabirako:

- [Ubusumbasumbane mu bijanye n'amagara ku rwego rw'akarere](#) Igisata c'Amagara y'Abantu ca Kaminuza ya Wisconsin. Ibikoresho birimwo:
  - [Amatohoza n'Amakuru vyerekeye Amagara y'Abantu vy'Igisata c'Amagara y'Abantu VT Department of Health Population](#)
  - [Ishami ry'Amakuru yo mu Gisata c'Inyigisho hamwe n'ivyegeranyo](#)
  - [Igitabu kijamwo amakuru y'ivya Kanseri i Vermont](#)
  - [Ikigo c'i Vermont c'Amakuru Yerekeye Ivyaha](#)
  - [Gukurikiranira Hagufi Amakuru Yerekeye Amagara y'Abantu n'Ibidukikije mu Gisata c'Amagara y'Abantu c'i Vermont](#)
  - [Iburo vy'i Vermont vy'umutekano w'amabarabara makuru ya Reta.](#)
  - [Ibijanye n'incanco i Vermont](#)
- [Ikigega c'amakuru CARES](#), Kaminuza y'i Missouri. Amakuru ava ahantu hatandukanye, harimwo:
  - Iburo vya Rusansuma vya Reta Zunze Ubumwe za Amerika
  - Amatohoza Akorwa ku Bantu bo muri Amerika (ACS)
  - Ibigo Bijewe Kurwanya no Gukinga Indwara (CDC)
  - Ubushikiranganji bw'Uburimi n'Ubworozi muri Reta Zunze Ubumwe za Amerika (USDA)
  - Ubushikiranganji bwo kwiyunguruzwa
  - Iburo bikuru vy'Iperereza vya Amerika
- [Ubuvinga bwo Kugenzura Ibishobora Gutuma haba Ingorane ziva ku Nyifato\(BRFSS2021\)](#)
- [Amatohoza yerekeye Ibituma haba Ingorane zijanye n'Inyifato mu Miyabaga](#)
- [Ihinduka ry' ibirere hamwe n' amagara](#), indwara [zandukira](#), Igisata c' amagara ca Vermont
- [VT Uruhande rw'](#) amakuru ya Kanseri, Igisata c' Amagara y'Abantu i Vermont, Ruhuhuma 2023
- [Amagara y'](#) abagendana ubumuga muri Vermont, Igisata c'amagara muri VT, Myandagaro 2018
- [3>4>50 Vermont. Igisata](#) c' amagara muri VT
- [Amagara y' abantu Amerika](#) 2030 Igisata c' amagara y' abantu hamwe n' Amaseruvisi aberekeye
- [Vermont: Ni kuki indwara zo mwifatanirizo ry' amagufa zikwiye kwitabwaho, Ikigo c' indwara zo mwifatanirizo ry' amaguf a](#)